

Flè Dizè

Pa gen lontan depi m te ale nan premye lavant liv Koralen an, ki t ap fèt nan «Bureau de la Communnauté Chretienne des Haitiens de Montreal,» ki nan Montreal. Lè m te sòti nan lavant liv la, mwen te antre lakay mwen brit-sou-kou, pou m te wè ki sa sanba Koralen pote nan kapay li pou literati natif-natal la, ak yon liv kou Flè Dizè.

Mezanmi, tankou tout moun konnen l, Koralen pa yon ti poul dèyè manman, nan lang Dyesèl ak Jezila a. Mwen ka menm di misye se yon bon jan gason kanson.

Pi fò nan tèks ki ekri nan liv la te déjà parèt sou plak Solèy Leve, «Carole Mawoule» eksetera-era. Men mwen kwè liv Flè Dizè se yon michan zouti tout nèg dwe gen nan men yo.

Koze nan li Flè Dizè, se koze lavi, se vre, se koze k ap retire lasi nan je pèp la. Men, mwen men, Kaptèn Koukourouj, ki yon saba k ap profonde nan literati lang kreyòl la, kwè mwen dwe antre nan nannan liv Flè Dizè a pou m bouske sa l pote pou lang Dyesèl ak Jezila a. Mwen pap antre nan detay sou chak tèks ki nan liv la, men fòk mwen di tou paròl ki nan liv Koralen an se yon kout kanno k ap mete tout moun sou men yo.

Bò kote pa m, mwen vle chita sou teknik Koralen itilize pou l ekri tèks li yo. Mezanmi, paròl li ekri nan liv Koralen an, se paròl nou tande tout lajounen, tout lannuit. Men Koralen gen yon jan li trese riban ak chak mo li yo, li fè yo rantre youn nan lòt pou l fè yo tounen dè fraz ki tèlman an penpan, yo ka bay anpil lòt sanba kè grenn.

Lè Koralen ap pale de tèks li ekri, li toujou rele yo pwezi men lè m li yo, lè m tande yo, mwen wè tèks misye yo plis sanble ak yon teknik literati yo rele fab. Paske lè yon moun ap tande Koralen, li ka santi se yon istwa l ap rakonte. Koralen konnen sa tou. Se konsa misye di: *«Istwa sa a rakonte yon jan pou n divèti men n a kwè si nou vle, li pa gen yon mo manti»* (djouman p 21). Nan istwa li yo, Koralen sèvi ak aktè ayisyen k ap viv sou tè d Ayiti Toma, avèk tout poblèm yon nonm ka kontre nan peyi a : abi, nan «*Telson*», poblèm dlo nan «*Kamelo*», poblèm edikasyon nan «*Flè Ddizè*», poblèm mizisyen ayisyen nan «*Limàn Kazimi*» eksetera.

Fòk mwen di tou, Koralen pa janm fini tèks li yo, san li pa ba nou yon ti remontan, osnon yon ti paroli sou ki jan nou dwe mennen bak nou sou tè d Ayiti: *«fò nou sonje sa byen paske se yon verite si n pa met tèt ansanm, lenmi k ap profite»*. (Telson p 63)

Fab Koralen yo chita sou yon nan pi gwo zouti nou genyen nan literati, nèg save yo, rele oralti a, e mwen menm, m ap rele literati «bouch-an-bouch» la, zouti sa a se kont. Nan pi fò fab Koralen yo se kòm si se kont l ap tire. Lè yon nonm li Jan Mapou nan H.O. 1^{er}-8 avril 1983 li ka

wè «*ki enpòtans [kont] ak blag genyen sou youn mounn, yon gwoup mounn osnonn yon peyi.* »

E byen se na rezèvw a, Koralen al foure men li pou l ban nou Flè Dizè.

Mwen pa konnen depi ki lè Koralen te ekri fab li yo, ak pwezi li yo, men lè yon nonm li ti liv, san dat, Pyè Banbou ekri, ki rele Rechèch la, li ka wè gen mwayen pou sanba kreyòl yo evite antre nan jaden vèsifikasyon franse a. Mwen vle di sanba Kreyòl yo ka evite teknik vèsifikasyon, ki gen vè plat, vè kwaze eksetera, tankou Koralen fè li nan liv Flè Dizè a.

«Gen yon bwouya k ap monte

Tankou yon koton wat k ap flote” (vè plat, Mawoule p 48)

“Se pou sa yon maten mwa jen

Lè nou we manzèl pa vini

Nou pa te pran sa pou anyen

Sekonsa pou sa ta fini » (vè kraze, Flè Dizè p 25)

Kidonk, yon sanba kreyòl ki pa vle ekri sou fòm vè lib la, ka jwenn kèk konsèy nan liv ki rele Rechèch la, e yo ka toujou fè kèk l envansyon ki ka vini ranfòse koze ki nan liv yo rele Rechèch la. Konsa, nou va gen dè teknik de vèsifikasyon, ki va rele nou chèmèt, chè-mètrès, Nou pap bezwen al prete teknik vèsifikasyon vwazen, pou yo pa rele nou reskiyè, osnon restavèk.

Antouka kòm kouzen Koralen se youn nan gwo save lang kreyòl la, m ta renmen konnen s il pata kab kole zepòl ak lòt sanba parèy li, pou nou ta met sou pye yon teknik vèsifikasyon natif natal anvan n al prete kay vwazen. E menm si nou ta va prete nan men vwazen nou, fòk nou ta degaje nou kou mèt Janjak, pou nou ta fè pa nou. Paske chodyè prete, pa bouyi pwa sèch.

Pi fò sanba kreyòl toujou ap chante Ayiti, ansanm ak mizè ki nan peyi a, Sanba Koralen, li menm bay yon ti diplis, li chante lavi kap deroule andedan Ayiti san detou ni fòs kote.

Nan pwezi ak fab Koralen yo, nou pap jwenn bèl katafal imaj, men na tonbe sou de kokennn chenn verité, ki ka lage anpil moun sou woulib relfeksyon. Save fransè yo di “Lafontaine” sèvi ak zannimo pou l korije lè zòm, men Koralen li men, sèvi ak lavi kap boujonnen lakay pou l drese nèg bò lakay.

4 avril 1983, Kapitèn Koukourouj